



Koklich

Kisa ki koklich?

Koklich (ke yo rele tou "tous gwonde") se yon maladi respiratwa ki koze pa yon bakteri ki fasil pou pwopaje de yon moun a on lòt moun. Yon moun ki gen koklich ka gen gwo tous grav ki ka dire plizyè semèn.

Èske koklich la dajere?

Koklich nòmalmman vini on jan ki modere kay timoun ak granmoun, men li ka danjere pou tibebe ak jèn timoun. Malgre se yon maladi ki ra, koklich ka lakòz gwo pwoblèm pou sante ak pou respire tankou nemoni, kriz, ak enflamasyon nan sèvo a (ansefalit), sitou kay timoun piti ki gen pi piti pase sis mwa.

Kouman maladi sa pwopaje?

Bakteri yo ki lakòz koklich-la viv nan nen, bouch ak nan gòj epi yo simaye nan lè-a lè yon moun ki enfekte etènye, touse oswa pale. Moun ki toupre ka respire jèm yo. Jèm koklich la simaye nan ti gout oswa kontak dirèk avèk larim oswa krache ki soti nan yon moun ki enfekte. Moun ki gen koklich ka pwopaje maladi-a kòmanse sou de semèn anvan rive jouk twa semenn apre tous la kòmanse. Sepandan, tretman ak antibyotik ki apwopriye kapab fè yon moun pa kontajye apre senk jou.

Ki moun ki ka genyen maladi koklich-la?

Nenpòt moun kapab gen koklich, men maladi-a rive plis kay tibebe ak jèn ki gen laj 11-19 ane. Adolèsan ak jenn adilt sa yo ki kapab yon sous enfeksyon pou lòt timoun piti ak lòt timoun ki pa vaksinen.

Ki sentòm ki genyen nan maladi koklich-la?

Maladi-a kòmanse ak senptòm tankou yon moun ki anrime tankou nen koule, etènye, ak yon tous tou piti. Tous-la piti piti vini pi grav sou yonn oswa de semèn. Moun nan ka devlope spasm tous ki san kontwòl, anpil fwa genyen tou yon bwi egi oswa gwonde lè moun nan respire oswa vomi. Tous-la anjeneral dire youn a sis semèn.

Kouman yo trete koklich?

Tretman ak antibyotik ka rakousi tan yon moun ka transmèt maladi-a bay lòt moun, epi kapab fè maladi-a vini mwen grav si yo kòmanse'l bonè. Repo ak anpil likid ede anpil moun santi yo pi byen. Nenpòt ki moun ki te nan kontak sere ak yon moun ki gen koklich ta dwe kontakte founisè swen sante yo imedyatman.

Èske gen mwayen pou anpeche maladi koklich-la?

Vaksen se pi bon fason pou pwoteje yon moun kont Koklich. Orè nòmalmman pou timoun piti se yon seri de kat dòz DTaP (difteri, tetanòs, ak vaksen aselilè kont Koklich) ke yo bay a laj 2, 4, 6, ak 15-18 mwa. Yon senkyèm, oswa dòz rapèl, rekòmande ant laj 4 ak 6 ane, sof si timoun nan resevwa katriyèm dòz-la anreta (apre katriyèm anivèsè nesans-la).

Pou moun ki pa janm pran vaksen-an oswa ki kapab te kòmanse, men ki pa fini pran tout seri vaksen yo, yo dwe bay yon seri 3 dòz Td (vaksen tetanòs ak difteri) 1 a 2 mwa ant dòz # 1 ak # 2, ak 6 a 12 mwa ant dòz # 2 ak # 3. Pou moun ki poko gen laj 65 ane, youn nan dòz yo, de preferans premye-a ta dwe genyen vaksen koklich la sou fòm Tdap (tetanòs, difteri ak vaksen aselilè kont Koklich). Adilt ki gen laj 65 ane oswa plis kapab pran Tdap tou.

Paske iminite kont difteri ak tetanòs diminye ak tan-an, dòz rapèl yo nesesè chak dis ane.

Si mwen te gen koklich deja, èske mwen kapab genyen'l ankò?

Yon moun ki te gen koklich deja ka genyen kèk iminite, men li ka *febli amezi tan-an ap pase*. Pou rezon sa, moun ki ekspoze a koklich ta dwe wè founisè swen sante yo pou antibiyotik, menm si yo te gen maladi-a deja. Timoun ki gen mwens pase 7 ane epi ki te ekspoze a yon lòt moun ki gen koklich ta dwe gen revizyon dosye vaksinasyon yo pa founisè swen sante yo, pou asire ke tout vaksen yo ajou. Adolesan ak adilt ki pat janm resevwa yon dòz rapèl Tdap (tetanòs, difteri, koklich aselilè) ta dwe pale ak founisè swen sante yo sou kesyon vaksinasyon-an.

